

Asistans Ki Disponib Pou Tout Moun

Tout moun gen aksè a kèk benefis imedyat a kout tèm pou ede avèk bezwen debaz yo nan ka yon dezas:

- Kwizin soup popilè, ki bay manje cho
- Bank alimantè, ki bay pwovizyon
- Sant sante
- Sèvis konsèy nan sitiyasyon kriz
- Abri pou lannwit pandan ijans (anpil nan yo mande ou kite nan lajounen an)
- Abri vyalans domestic

Tcheke avèk Sant One-Stop ki pi pre www.careeronestop.org oswa sant sante pou ou chèche konnen sèvis ijans lokal ki ka ede ou.

Gade tou Farmworker
Justice's guides
(Gid Jistik Farmworker a)
sou Asistans Manje
ak Lojman.



1126 16th St. NW, Suite LL-101
Washington, DC 20036
www.farmworkerjustice.org

©2021

Asistans Revni



Piblikasyon sa a te finanse pa Administrasyon Resous Sante ak Sèvis (Health Resources and Services Administration (HRSA)) Depatman Sante Etazini ak Sèvis Sosyal (U.S. Department of Health and Human (HHS)) anba akò kooperativ U30CS22741, Akò Kooperasyon Nasyonal pou Fòmasyon ak Developman Asistans Teknik, (National Training and Technical Assistance Cooperative Agreement) pou \$ 450,000 ak 0% ki finanse avèk resous ki pa federal . Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklyzyon yo se pa otè a epi yo pa ta dwe entèprete kòm pozisyon politik ofisyèl oswa andòsman pa HRSA, HHS, oswa gouvenèman Etazini an.

NAN KA YON GWO DEZAS



Asistans Revni

ASISTANS FEDERAL POU IJANS - AVÈK KÈK RESTRIKSyon

Asistans Chomaj Pandan Dezas (DUA)

The Disaster Unemployment Assistance (Asistans Chomaj pandan Dezas (DUA)) kowòdone pa Federal Emergency Management Agency (Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) ak administre pa Department of Labor (Depatman Travay (DOL)), bay lajan bay travayè yo oswa moun ki travay pou tèt yo ki pèdi lajan oswa travay kòm yon konsekans dezas la.

Pou kalifye pou DUA, ou dwe yon sitwayen Ameriken oswa yon imigran ki prezan legalman epi ranpli tout kondisyon sa yo:

- Fè yon reklamasyon DUA nan 30 jou apre katastwòf la
- Ou pap travay kòm yon rezulta dezas la
- Enskri pou travay avèk depatman sèvis travay leta a
- Rankontre sèten kondisyon salè yo
- Pa kalifye pou benefis konpansasyon chomaj regilye yo

Asistans Chomaj pandan Dezas (DUA) Kont Konpansasyon Chomaj (UC)

Unemployment Compensation (Konpansasyon Chomaj (UC)) se èd ou ka jwenn si ou pèdi travay ou. Kondisyon pou ou kalifye pi strik pase Disaster Unemployment Assistance (Asistans Chomaj pandan Dezas (DUA)). DUA pa mande pou ou montre ke ou te travay pandan lontan.

Pou aplike pou benefis DUA nan Federal Emergency Management Agency (Ajans Federal Jesyon Ijans (FEMA)): Rele 1-800-621-3362

Sit entènèt pou DUA: <http://workforcesecurity.dole.gov/unemploy/disaster.asp>

Ou kapab kontakte State Unemployment Insurance Agency (Ajans Asirans Chomaj Eta a) nan eta kote w ap viv la pou èd pou ou aplike pou benefis sa yo.

Ou ka kapab jwenn DUA si:

- Ou ap travay pou tèt ou
- Ou se yon travayè migratè oswa sezonye
- Ou pèdi yon semèn travay akóz dezas la (kòmanse touswit apre dezas la)
- Ou pa ka rive nan travay ou akóz dezas la
- Ou ta pral kòmanse nan yon djòb, men ou pa t kapab kòmanse li akóz dezas la
- Ou vin moun prensipal ki fè lajan pou fanmi ou paske moun ki te responsab fanmi an te mouri akòz dezas la
- Ou pa ka travay paske ou te blese oswa aksidente pandan dezas la

Ou kalifye pou DUA si ou se:

- Yon Sitwayen Ameriken
- Yon moun ki gen otorizasyon travay ki valab
- Yon rezidan pèmanan legal (kat rezidans)
- Yon refijye
- Yon moun yo bay Azyl
- Yon kiben / ayisyen ki entre isit
- Yon moun ki an libète sou kondisyon pou plis pase yon ane
- Yon imigran sivivan trafik moun oswa vyolans domestik (detantè viza T-a oswa U)
- Yon moun ki te resevwa yon retansyon sou depòtasyon li

Benefis DUA kontinye pou jiska 26 semèn.

